

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra lahir di sabudeureun masarakat tina hasil imajinasi pangarang. Lian ti éta, pikeun sarana atikan karya sastra miboga fungsi nepikeun pesen ka masarakat atawa ka pamaca.

Nurutkeun Teeuw (1984, kc. 23), sastra asal kecap tina *sas* jeung *tra* mangrupa basa Sangsakerta nu miboga harti *Sas*: nuduhkeun: ngajarkeun; ngawulangkeun; méré pituduh jeung paréntah. *Tra* miboga harti alat; pakakas; sarana (*device*). Upama dihijikeun, sastra téh mangrupa pakakas pikeun méré pituduh atawa ngajarkeun, pakakas pikeun miwulang; buku pituduh atawa buku pangajaran. Luyu jeung hartina karya sastra mangrupa pakakas sosial anu ngagambarkeun kahirupan, carita anu asalna tina kasang tukang manusa, jeung kajadian anu kungsi karandapan. Kajadian-kajadian anu geus kaliwat bisa didokumentasikeun dina wangun tulisan nepi ka ngajanggélék jadi hiji karya.

Teeuw (1984, kc. 249) nétélakeun yén rékaan lain mangrupa lawan tina kanyataan. Ku kituna karya sastra mangrupa gambaran kahirupan manusa. Ngarasakeun ni'matna sastra bisa ngeunteung kana realitas kaayaan anu diébréhkeun ku pangarang dina karya sastra, boh dina realistik kahirupan sosial anapon realistik budaya.

Karya sastra mangrupa hasil cipta manusa nu eusina ébréhan pikiran, rasa, pamahaman jeung sawangan pangarang ngeunaan hakékat kahirupan, maké basa anu imajinatif jeung emosional (Robingah, 2013, kc. 1). Karya sastra nyaéta betusan rasa ébréhan pangalaman anu digelarkeun dina wangun basa nu éndah.

Gumelarna karya sastra téh aya dina wangun puisi, prosa, jeung drama. Salasahiji karya sastra dina wangun prosa, nyaéta novel. Novel mangrupa karya sastra anu eusina ngeunaan gambaran kahirupan manusa. Iskandarwassid (2019, kc. 139) nétélakeun yén novel mangrupa prosa rékaan (fiksi) ngawujud lalakon (naratif), galur caritana ngarancabang (kompleks). Ku kituna novel bisa leuwih teleb midangkeun gambaran

kahirupan, boh dina latar boh dina ngahirupkeun karakteristik palaku. Novel ogé laluasa dina ngagambarkeun rupa-rupa kajadian.

Kaayaan sosial anu karandapan ku manusa bisa ogé didokumentasikeun ngaliwatan karya sastra wangun novel, Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Max Eastman dina Isnendes (2010, kc. 13) eusi pikiran dina sastra ngawengku bebeneran nu sarua jeung dunya nyata, nyaéta pangaweruh sistematis nu bisa dibuktikeun. Tangtu waé tugas sastrawan lain keur nimukeun jeung nepikeun pangaweruh. Pamaca nyawang hal-hal anu kalakon sapopoé, ngabayangkeun kalawan konséptual jeung nyata dina hal anu geus dipikanyaho saméméhna.

Dina nalaah karya sastra bisa diteuleuman tina pangarangna jeung udagan ka nu maca. Bisa ogé teu maliré kana pangarang, pamaca, jeung sajarahna, tapi nalaah kana pangwangun dina éta karyana wungkul. Ulikan anu museur jeung maluruh struktur eusi carita dina karya sastra, hususna novel nyaéta pamarekan objéktif.

Lahirna karya sastra miboga udagan pikeun hiburan atawa sarana inteléktual, ngan sakapeung eusi carita dina karya sastra teu katepikeun ka nu maca. Sangkan pesen jeung ni'matna karya sastra katepikeun ka nu maca leuwih hadé, neuleuman hiji karya bisa ngaliwatan pangarangna. Salasahiji pamarekan anu medar ngeunaan pangarang patali jeung karyana, nyaéta pamarekan ékspresif.

Novel, carpon, sajak, dongéng, dangding mangrupa karya sastra hasil tina ide kréatif pangarang. Pikeun maluruh pangwangun struktur carita novel digunakeun pamarekan objéktif, anu ngabedah tina unsur intrinsik, sarta digunakeun ulikan struktural Robert Stanton.

Pamarekan éksprésif Abrams nyoko sarta maluruh prosés saméméh gumelarna hiji karya nepi ka bisa ngajanggélék jadi hiji karya sastra. Nurutkeun Ratna (2015, kc. 68) pamarekan éksprésif lain saukur neuleulkeun kana kasang tukang gumelarna karya sastra. Lian ti éta, maluruh ogé wangun-wangun nu aya dina jero karya sastra anu diciptakeun ku pangarang.

Salasahiji pangarang Sunda Rétty Isnéndés nu katelah ku ngaran sohor Chyé Retty Isnéndés mangrupa pituin urang Nagrak, Sukabumi. Lahir 02 Desember 1972. Tulisan

Cucu Suminar, 2021

*ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL*

*HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Chyé Retty Isnéndés aya dina widang kasusastraan jeung karya ilmiah dina basa Sunda sarta basa Indonésia, Chyé Retty Isnéndés geus nulis ratusan judul sajak, puluhan judul carpon, novel, ogé éséy.

Novel *Handeuleum na Haté Beureum* karya Chyé Retty isnéndés ngagambarkeun kasang budaya anu réa rupana, ngawengku Sunda, Jawa, jeung Bugis. Ambahan kahirupan masarakat Indonésia anu ditémbongkeun dina eusi novelna nyaéta Subang, Bandung, jeung Yogyakarta. Eusi caritana cinta segitiga anu diuwuhan ku perspéktif étnik dina latar akademik sarta pinuh ku intrik. Bisa jadi ieu novel eusina aya pangalaman anu kungsi karandapan ku pangarang.

Upama ditilik tina kaayaan pangajaran novel Sunda kiwari, hususna pangajaran novel Basa Sunda di SMA barudak téh teu biasa maca novel sunda anu antukna rada ahéng upama dibéré sempalan novel Sunda, lamun barudak dititah néangan novel sakapeung sok patukeur jeung kumpulan carpon, upama dibagi kelompok ogé pikeun ngabedah novel, novelna kawatesanan teu kabéh kabagian, bahan pangajaran anu kawatesanan sarta sempalan novel anu sakapeung sok patukeur jeung carpon ngabalukarkeun heureutna pangajaran novel di sakola. Pikeun ngajembaran pangaweruh novel Sunda di sakola, lian ti éta ogé sangkan rumaja kiwari wanoh kana sastra, hususna sastra Sunda tur bisa ogé pikeun ngajembaran pangaweruh kana karya sastra wangun prosa nyaéta novel. Ku kituna ieu panalungtikan téh dipatalikeun jeung bahan pangajaran novel di sakola. Dumasar kana Kompetensi Inti Kompetensi Dasar (KIKD) Basa Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 di SMA Kelas XI diajarkeun perkara maca novel nu Kompetensi Dasarna 3.6. *Menganalisis isi, struktur, dan aspek kebahasaan novel* (Tim Pengembangan Kurikulum Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda, 2017). Nilik kana éta Kompetensi Dasar, pangajaran ngeunaan novel aya dina kurikulum. Ku kituna novel *Handeuleum na Haté Beureum* bisa dijadikeun bahan pangajaran maca novel di SMA kelas XI.

Panalungtikan saméméhna anu maluruh struktur carita novel sarta dipatalikeun kana pangarangna, nyaéta: “Unsur Objéktif jeung Éksprésif Novel *Béntang Pasantrén* Karya Usep Romli H. M Pikeun Bahan Maca Pedaran Sastra Siswa di SMA Kelas XI”

Cucu Suminar, 2021

**ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL**

**HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS**

**PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(Ningrum, 2013) “Aspek Sosiologi Sastra dina Kumpulan Carpon *Nu Harayang Dihargaan* Karya Darpan (Ali Abdillah, 2013), “Prosés Kréatif Abudllah Mustappa dina Novel *Lembur Singkur: Kajian Ekspresif Karya* (Cantika, 2017), “Perspektif Biografis Novel *Sabalakana* Karya Dadan Sutisna” (Aulia Rachma, 2016), “Ulikan Struktural jeung Feminis kana Novél *Handeuleum na Haté Beureum* Karya Chyé Retty Isnéndés Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA Kela XI” (Jamilah, 2011), Unsur Magis dina Novel *Munjung* Karya Moh Ambri (Ramdani, 2019).

Anu sarupa jeung ieu panalungtikan nyaéta “Unsur Objéktif jeung Éksprésif Novel Béntang Pasantrén Karya Usep Romli H. M Pikeun Bahan Maca Pedaran Sastra Siswa di SMA Kelas XI” beunang Ningrum Cahmawati taun 2013 anu medar unsur objektif (struktural) dina novel tema, fakta carita (alur, palaku, jeung latar), sarana sastra nu ngawengku (judul, jihad sawang, gaya basa, nada jeung suasana). Ogé medar unsur ekstrinsik anu ngawengku biografi pangarang, ide, imajinasi, spontanitas, kontemplasi, pangalaman, integrasi, kapribadian, emosi jeung konsep seni pangarang dina karyana. “Ulikan Struktural jeung Feminis kana Novél *Handeuleum na Haté Beureum* Karya Chyé Retty Isnéndés Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA Kelas XI” beunang Ai Jamilah taun 2011 maluruh ngeunaan tilu unsur intrinsik nu ngawengku (tema, fakta, jeung sarana carita) ogé citra wanoja pikeun pieunteungeun keur balaréa nu diulik ku opat ulikan ngawengku ulikan feminis ngaguar citra fisik, citra psikis, citra wanoja di kulawarga, jeung citra wanoja di masarakat. Sarta dijadikeun bahan pangajaran maca novel di kelas XI.

Panalungtikan séjénna nu sarupa “Prosés Kréatif Abullah Mustappa dina Novél *Lembur Singkur: Kajian Ekspresif Karya*” beunang Liana Cantika taun 2017 anu maluruh ngeunaan unsur-unsur éksprésif pangarang novel *Lembur Singkur* jeung prosés kréatif pangarang novel *Lembur Singkur* aya kasang tukang sajarah nu dialaman ku Abudallah Mustappa dina jaman penjajahan DI TII.

Dina sababaraha judul anu geus diwincik téh sarua ngabahas novel ngeunaan struktur carita sarta dipatalikeun jeung pangarangna ogé dipatalikeun jeung bahan pangajaran. Tapi dina ieu panalungtikan tangtu aya bédana, palebah objék anu

Cucu Suminar, 2021

**ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL**

**HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS**

**PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ditalungtikna, nyaéta novel *Handeuleum na Haté Beureum* jeung pangarangna Chyé Retty Isnéndés. Ieu panalungtikan ngaguar eusi novél *Handeuleum Na Haté Beureum* maluruh cara pangarang ngamalirkeun pikirana dina nyiptakeun karyana.

Panalungtikan kana novel *Handeuleum Na Haté Beureum* anu dipatalikeun jeung kasang tukang pangarangna mah can kungsi digarap. Sanajan kungsi digarap sarta sarua dina objékna, panalungtikan saméméhna mah nalungtik perkara struktur pangwangun carita jeung ulikan *feminis* kana éta novel. Pikeun ngeuyeuban jeung ngalengkepan éta panalungtikan dipaluruh tina kasang tukang pangarang dina ngamalirkeun pikirana sarta mikanyaho prosés saacan gumelarna éta karya.

Dipiharep ieu panalungtikan bisa méré informasi sarta ngajembaran pangaweruh ngeunaan lahirna karya sastra anu dipatalikeun jeung pangarangna.

## 1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan museur kana ulikan objéktif jeung éksprésif sarta dipatalikeun jeung bahan pangajaran.

Sangkan leuwih museur sarta ambahanna teu lega teuing, masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti kieu.

- 1) Kumaha unsur objéktif novel *Handeuleum na Haté Beureum*?
- 2) Kumaha unsur éksprésif Chyé Retty Isnéndés ngamalirkeun pikiranna waktu ngarang novél *Handeuleum na Haté Beureum*?
- 3) Kumaha patalina unsur objéktif jeung éksprésif dina novel *Handeuleum na Haté Beureum*?
- 4) Kumaha larapna hasil ulikan objéktif jeung éksprésif kana novel *Handeuleum na Haté Beureum* dipaké bahan pangajaran maca novel di SMA kelas XI?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Cucu Suminar, 2021

ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL

HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaguar struktur eusi novél *Handeuleum na Haté Beureum* sarta maluruh gelarna éta karya dipatalikeun jeung pangarangna.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Unsur objéktif novel *Handeuleum na Haté Beureum*.
- 2) Unsur éksprésif nu kaalaman ku Chyé Retty Isnéndés nu patali jeung gumelarna éta novel.
- 3) Patalina unsur objéktif jeung éksprésif dina novel *Handeuleum na Haté Beureum* karya Chyé Retty Isnéndés.
- 4) Larapna hasil ulikan unsur objéktif jeung éksprésif novel *Handeuleum na Haté Beureum* pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA kelas XI.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat boh sacara tioritis boh sacara praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh, hususna dina kamekaran widang sastra, pangpangna ulikan ngeunaan novel, méré pangaweruh dina nalaah novel maké pamarekan objéktif jeung éksprésif, sarta mikanyaho prosés kréatif pangarangna.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat :

- 1) Pikeun mahasiswa Sunda, nambahan pangaweruh ngeunaan ulikan objéktif jeung éksprésif pangarang dina nyiptakeun hiji karya.
- 2) Pikeun guru, bisa dijadikeun bahan pangajaran novel Sunda di SMA kelas XI.
- 3) Pikeun masarakat umum, karya sastra téh lain saukur keur hiburan, tapi méré ogé pangaweruh anu asalna tina kasang tukang pangarang.

Cucu Suminar, 2021

*ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL*

*HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan mangrupa gambaran umum, sistematika nyusun skripsi dina unggal bab, sarta patalina bab nu hiji ka bab saterusna. Ieu skripsi téh ngawengku lima bab.

Bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, raraga tulisan.

Bab II ulikan tiori, medar tiori-tiori jeung rujukan anu dipaké sarta luyu jeung panalungtikan.

Bab III metode panalungtikan nu ngadadarkeun téhnik jeung instrumen anu dipaké dina panalungtikan. Ngawengku prosedur panalungtikan, tiori panalungtikan, informasi atawa bahan pikeun objék panalungtikan, desain panalungtikan, instrumen panalungtikan, tahap ngumpulkeun, ngolah jeung nganalisis data.

Bab IV hasil panalungtikan, pedaran tina hasil ngolah data.

Bab V kacindekan, impleméntasi jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan.